


**PLATEFORME DES ORGANISATIONS HAITIENNES DES
DROITS HUMAINS
POHDH**



Numéro 52 : Mai-Juin 2020

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ



Bulletin **SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ** est:
Sous la supervision de la Coordination et du Conseil Scientifique

Directeur de publication

Alermy PIERVILUS

Secrétaire de rédaction

Makansloy SAINT JEAN

Equipe de rédaction

Frandy JASMIN
Alermy PIERVILUS
Makansloy SAINT JEAN
Gabriella Katy CELESTIN
Roosevelt JEAN FELIX

Responsable de distribution

Naïka JERISMA
Gabriella Katty CELESTIN

Responsable artistique

Makansloy SAINT JEAN

Responsable de la publication en ligne

Rouselet DAUPHIN

Responsable logistique

Rochenel PROPHETE

Présentation de la POHDH

La Plate-forme des Organisations Haïtiennes des Droits Humains (POHDH) est une association de droit privé à but non lucratif regroupant sept (7) organisations haïtiennes de défense des droits humains:

- Le Centre de Recherches Sociales et de Formation Economique pour le Développement (CRESFED)
- La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP)
- Le Groupe d'Assistance Juridique (GAJ)
- L'Institut Culturel Karl Lévêque (ICKL)
- Le Programme pour une Alternative de Justice (PAJ)
- Le Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)
- Le Sant Karl Lévêque (SKL)

La POHDH se donne les objectifs suivants :

1. S'engager activement avec la population dans la lutte pour la promotion et la défense des droits de l'Homme;
2. Permettre aux organisations membres d'échanger leurs expériences, de mettre en commun leurs ressources humaines et matérielles pour une action concertée dans la problématique des droits humains en Haïti;
3. Promouvoir des actions concertées pour répondre au besoin de formation dans le domaine des droits de l'homme et au problème de l'assistance légale en Haïti;
4. Assurer un suivi permanent de la situation des droits de l'Homme dans le pays (collecte, vérification, diffusion).

Les activités menées par la Plate-forme sont articulées autour de quatre grands programmes : Éducation à la Culture des Droits Humains, Intervention Juridique, Communication et Plaidoyer et en dernier lieu Analyse, Réflexion, Recherches et Documentation.

La finalité de cette orientation s'inscrit dans la nécessaire contribution du regroupement au travail pour l'instauration d'un véritable Etat démocratique et responsable en Haïti ainsi que pour l'évolution de la législation et de pratiques qui remettent en cause le respect des droits humains.

SOMMAIRE

► Présentation du numéro	4
► Note de presse La POHDH dénonce le Décret arbitraire et inconstitutionnel du président Jovenel Moïse sous prétexte de limiter la propagation du coronavirus dans le pays.	5
► Not pou laprès POHDH denonse epi mande jistis pou ti Peyizan ki pèdi tè yo nan zak dappiyanp pouwva Tèt kale	6
► Note de presse Dispersion d'un sit-in devant le Ministère de la Justice et de la Sécurité Publique: Le RNDDH condamne l'usage abusif de la force par les agents de la PNH	8
► Note de solidarite de la POHDH Note de solidarité avec le Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)	10
► GAJ: Pledwaye pou devlopman yon jistis altènatif pou sosyete ayisyen an	11
► Note de presse Position de l'Organisation de Défense des Droits Humains Sant Karl Lévêque (SKL) sur les violations des droits des prisonniers dans les centres carcéraux	14
► Not pou laprès Kovid-19: Lansman Inisyativ Vijilans ak Solidarite Sitwayen	16
► Monitoring Tablo zak vyolans CE-JILAP	17
► Dat nou pa dwe bliye	26

Présentation du numéro

Zanmi lektè ak lektèz,

Pou kòmanse, POHDH wete chapo devan tout kanmarad ak òganizasyon konsekan k ap pote yon kontribisyon nan yon fason oubyen yon lòt nan gwo batay pou n rive nan yon sosyete san fòs kote, ki chita sou respè dwa ak diyite tout moun. Nou kontan prezante w twazyèm nimewo Bilten « **Se Mèt Kò, ki Veye Kò** » pou lane 2020 an nan objektif pou enfòmè w sou travay Platfòm nan sou divès kesyon kap brase bil sosyete ayisyèn nan.

N ap prezante w nimewo sa nan yon kontèks kote peyi a ap fè fas ak yon kriz ki gen plizyè dimansyon, ki agrave pi plis sityasyon dwa moun yo nan peyi a. Sou plan politik, deba yo plis chita sou divès ajanda rejim PHTK ta genyen tankou: chanje Konstitisyon an, reyalize eleksyon chanpwèl ak kat Demalòg la tout sektè pa sispann denonse. Nan mitan tou sa, prensipal deba se sou finisman manda prezidan repiblik la Jovenel Moïse ki ta divize sosyete a: 7 fevriye 2021 ? ou 7 fevriye 2022? Antouka, dapre atik 134.1 ak 134.2 nan Konstitisyon Ayisyen 1987 amande a kise manman lwa peyi a manda prezidan ap fini 7 fevriye 2021. Sityasyon sa fè parèt nesessite pou mete kanpe Lakou Konstitisyonèl la.

Nan kontèks kriz kovid-19 la, gouvènman defakto a pibliye plizyè dekrè gwoponyèt. Pami dekrè sa yo, nou jwenn: dekrè sou idantite, dekrè sou novo kòd penal elt.. Anpil vwa leve nan sosyete a pou denonse jan dekrè yo epi sa ki nan dekrè yo ki pa kadre ak reyalite peyi a. Kesyon anpil moun ap poze poukisa prezidan an gen tout mache prese sa jounen jodi a pou ap pibliye dekrè sou dekrè alòske li te gen majorite nan palman an ki te ka analize epi vote yo kòm lwa?

Sou plan sosyal ak ekonomik, kondisyon lavi popilasyon an pa sispann degrade chak jou ki jou; lavi chè a ap toupizi popilasyon an sitou kategori

moun ki pi pòv yo, pri pwodui premye nesessite yo monte bwa, 120 goud pou yon grenn dola ameriken epi yon enflasyon ki depase 20%. Kidonk, pèp la rive nan yon moman kote definitivman li paka respire. Aloske pandemi kowonaviris la kontinye vale teren anndan peyi. Soti me pou rive jen 2020 : 8184 moun enfekte ak 151 moun mouri dapre enfòmasyon ofisyèl Ministè Sante Piblik. Men nou konnen Leta pa menm kapab denonbre kantite moun ki deja viktim ak maladi a.

Yon lòt kote, ensekirite, kriminalite ak banditis vle tounen larèg nan peyi a. Soti mwa me rive mwa jen 2020 an plis pase 54 moun tonbe anba bal bandi, san konte kay ki boule. Moun k ap viv nan katye popilè yo tankou Site Solèy, Ba Delma, Pon wouj, elt. pa konn ki sen pou yo rele anba men gang. Gang yo tèlman alèz yo mete yo an federasyon (G9 fanmi ak alye) yon fason pou yo kontwole katye popilè yo. Pouvwa a pa fè anyen serye pou frennen ensekirite a, men li itilize lapolis pou fè vyolans, represyon sou jèn kap oganize sitin kont ensekirite, kont lamizè, kont koripsyon. Anpil obsèvatè lonje dwèt sou atitud konplis pouvwa a pa rapò ak gang yo ki sanble yon estrateji pou rejim PHTK a pou renouvle tèt li nan eleksyon yo.

Boutofen, peyi a nan yon sityasyon kote dwa sosyal ak ekonomik yo pase anba pye. Ak ajisman pouvwa PHTK a gen gwo menas ki pandye sou dwa sivil ak politik yo. Nan sans sa a, nou bezwen plis konsètasyon nan mitan òganizasyon yo nan sosyete sivil la pou ranfòse travay vijilans pou respè prensip demokratik ak dwa pèp ayisyen an.

Nou swete w bon lekti!

Roosevelt JEAN FELIX
Responsable programme

La POHDH dénonce le Décret arbitraire et inconstitutionnel du président Jovenel Moïse sous prétexte de limiter la propagation du coronavirus dans le pays.

La Plateforme des Organisations Haïtiennes des Droits Humains (POHDH) condamne les vellités dictatoriales exprimées par le président Jovenel Moïse à travers le décret fixant les règles générales de protection de la population en cas de Pandémie/Épidémie, publié dans le journal officiel Le Moniteur du jeudi 21 mai 2020. Déconnecté de la réalité du pays, ce décret porte atteintes aux libertés, aux droits fondamentaux du peuple haïtien et menace les acquis démocratiques obtenus au prix de lourds sacrifices des secteurs progressistes. Une décision qui montre à clair que le gouvernement de facto dirigé par le premier ministre Joseph Jouthe fait une gestion politicienne de la pandémie du nouveau Coronavirus plutôt que de protéger la population face à la propagation accélérée du virus.

La POHDH croit que, l'Etat a l'impérieuse obligation d'adopter des mesures efficaces et efficaces pour protéger sa population en toute circonstance, particulièrement celle de la crise sanitaire actuelle. Cependant, le gouvernement n'est pas autorisé à se donner plus de pouvoirs que ceux conférés par la loi et la Constitution.

Considérant les diverses mesures de protection de la population annoncées par l'Administration Moïse/Jouthe, lesquelles sont restées à date au stade de vœux et de promesses, notamment l'envoi d'argent aux couches les plus vulnérables, la distribution de masque et le renforcement de capacités des centres hospitaliers, la POHDH retient qu'avec le décret du 21 mai 2020, le président Jovenel Moïse utilise un stratagème pour frayer un passage en force afin de limiter les actions de

concertation au niveau des masses populaires et de ses opposants politiques contre son pouvoir.

En prenant ce décret, l'Administration Moïse/Jouthe semble déterminer à exploiter le contexte du nouveau Coronavirus pour instituer un pouvoir dictatorial en piétinant l'intérêt supérieur de la nation, les droits et libertés fondamentaux de la population haïtienne.

Réaffirmant son attachement au respect des normes et acquis démocratiques, la POHDH demande au gouvernement Jouthe de faire preuve de transparence dans la gestion de la crise sanitaire liée à la Covid-19 et lance une mise en garde au pouvoir contre toutes formes non-avouées de l'utilisation de la Covid-19 au profit d'un clan politique à des fins électoralistes.

La POHDH salue les positions exprimées par différents acteurs de la société condamnant les agissements anti-démocratiques du pouvoir et appelle la population à la vigilance, notamment pour ce qui concerne la gestion de la pandémie Covid-19 par le gouvernement et la protection des acquis démocratiques.

Port-au-Prince, le 2 Juin 2020

POHDH denonse epi mande jistis pou ti Peyizan ki pèdi tè yo nan zak dappiyanp pouvwa Tèt kale a



Platfòm Òganizasyon Ayisyen Dwa Moun yo (POHDH), gen gwo kè sote devan ajisman gwo potanta nan rejim Tèt Kale a k ap pwofite pouvwa yo pou fè panzou sou tè ti peyizan nan divès rakwen nan peyi a. POHDH sezi lè li konstate enstans ki kreye pou regle pwoblèm ki konsène tè andan peyi a, ak otorite lajistis yo fèmen je yo sou zak k ap fèt sou tè peyizan yo. Depi nan mwa Mas 2020, anplis kriz sosyopolitik ak ekonomik ki te deja ap boulvèse sosyete a, peyi Dayiti ap fè fas kare ak yon gwo kriz sanità (Kowonaviris) san parèy. Men Leta peyi Dayiti pa montre l gen kapasite pou jere kriz la. Epoutan, se nan menm moman sa a zanmi ak otorite nan pouvwa a, ap jwe mannigans pou fè dappiyanp sou tè ti peyizan ki te deja ap goumen ak bout zong yo, pou pwodwi manje pou bay popilasyon an.

POHDH ap fè remake depi rejim Tèt Kale a rive nan tè peyi Dayiti nan lane 2011 ak prezidan Joseph Michel Mately, peyizan nan divès rakwen sou tout tèritwa a peyizan k ap travay latè ap moute yon maswife pa do, yo pa janm sispann sibi gwo pèsikasyon sou tè yo. Tankou nan de-

patman nodès espesyalman nan Twoudinò kote gwo chabrak nan pouvwa a pouse do plis pase 800 fanmi sou anviwon 1,000 ekta pou tabli "Agritrans S.A" ki se pwopriyete Jovenel Moïse, prezidan aktyèl peyi a, epi mete plizyè santèn lòt fanmi deyò sou plis pase 500 ekta nan Karakòl pou tabli konpayi "REPLADA S.A".

Sitiyasyon sa a vin pran yon lòt vitès ak prezidan Jovenel Moïse nan tè pouvwa a, ki li menm se yonn nan gran benefisyè kesyon dappiyanp ki te fèt sou tè peyizan depi sou administrasyon prezidan Joseph Michel Mately. Sou administrasyon Jovenel Moïse la, se preske chak jou peyizan ap rele anmwey deyò gwo zotobre nan pouvwa a ki itilize la fòs pou tchoule yo mete deyò sou pwopriyete yo. Daprè te- mwayaj plizyè reprezantan òganizasyon peyi-zan nan departman sa yo, Nò, Nòdès, Nòdwès, Sid elatriye..., operasyon dappiyanp sou tè a pa fèt sèlman sou tè peyizan yo, men gwo potanta sa yo pwofite akapare tou, anpil tè Leta nan rejyon sa a. Tankou sa fèt nan Pistè/Limonad, Karakòl, Otwou, Tèrye

Wouj, elt...Peyizan sa yo lonje dwèt dirèkteman sou madan prezidan repiblik la, Martine Moïse ak lòt gwo chabrak nan pouvwa Tèt Kale a ki nan tè operasyon dappiyanp sou tè pe-yizan yo, ki deja lage plis pase 10 mil peyizan nan chomaj, san tè, alòske se moso tè a ki tout lavi peyizan yo ki pèmèt yo pran swen fanmi yo.

Atik 248 konstitisyon 1987 la, di aklè : « La-lwa mete kanpe yon biwo espesyal ki rele « Enstiti Nasyonal pou Refòm Agrè ». Biwo sa a kreye pou korije tout dezòd ki t ap fèt nan peyi a nan koze pran tè, achte tè, separe tè sou do peyizan yo, ki reyèlman ap travay latè. Biwo espesyal sa a, dwe mete kanpe yon politik pou ogmante kantite prodwi agrikol yo, atravè mwayen esfrastrikti efikas nan avantaj peyizan yo, ak pou pwoteksyon tè a». pwovèb kreyòl la di : « Bourik pap travay bay chwal garyonnen. Nan menm sans sa a, POHDH estime s : « Se abitan k ap travay latè, ki dwe jwi fwi travay yo, an premye.

Platfòm òganizasyon dwa moun yo, gen gwo kè sote lè l konnen depi avan KOVID-19 la te rantre nan peyi a, popilasyon Ayisyèn nan te deja ap fè fas ak yon gwo kriz grangou. Depi nan mwa janvyè 2020, plizyè òganizasyon k ap travay sou kesyon sekirite alimantè tankou Òganizasyon Nasyon zini pou Alimantasyon ak Agrikilti (FAO), Kowòdinasyon Nasyonal pou sekirite Alimantè (CNSA), elt..te anonse gen plis pase 4,1 milyon moun sou bout tè peyi dayiti ki sou menas ensekirite alimantè(1). Sa ki ta vle di kowonaviris la vin agrave yon kriz grangou ki te deja egziste andan peyi a. Kidonk, nan kontèks Kowonaviris la, kote majorite peyi fèmen fwontyè yo pou lòt peyi, se yon okazyon pou Gouvènman Ayisyen an ta pwofite relanse agrikilti peyi Dayiti, nan ede peyizan yo jwenn tè pou yo travay, semans, zouti, bonjan akonpayman teknik, elatriye yon fason pou ogmante kantite pwodwi pou tout pitit peyi a jwenn bonjan manje pou yo manje an kantite epi an kalite jan sa prevwa nan Atik 249 Kons- titisyon 1987 la.

POHDH ap fè sonje, otorite nan Leta a gen obligasyon pou garanti dwa tout sitwayen ak sitwayèn jan sa prevwa nan manman lwa peyi a ak nan enstriman entènasyonal peyi Dayiti ratifye yo. Nan sans sa a, zanmi pouvwa tè kale a ak otorite nan Leta a pa gen ankenn dwa pou pwofite relasyon zanmitay ak pouvwa a oswa fonksyon yo nan Leta a pou pèsèkite peyizan sou tè y ap travay.

POHDH renouvle solidarite l ak tout peyizan viktim nan kat kwen peyi Dayiti ki lage 2 bra balanse, san yon moso tè pou travay pou pran swen fanmi yo, ki pèdi tout rekòt yo, lakòz yon Leta ki ap administre anfavè yon ti-gwoup moun padan otorite nan pouvwa a mete enterè mas peyizan yo sou kote. Yon Leta ki pa pwoteje dwa popilasyon an espesyalman peyizan yo.

Pou tout ka vyolasyon dwa peyizan yo ak tout zak vyolans ki fèt nan kad operasyon chase peyizan sou tè yo, POHDH mande :

- Pou Leta a, mete yon fren nan dezòd sa a, kote zanmi ak otorite nan pouvwa ap mache pouse do peyizan yo sou tè yo ;
- Pou Leta a, retabli viktim yo nan dwa yo, repare ak dedomaje tout peyizan, espesyalman nan departman Nò ak Nòdès, ki viktim abi gwo ponyèt nan men gwo potanta pouvwa a ;
- Pou enstans rejyonal ak entènasyonal yo, reyalize yon ankèt sou dwa pwopriyete ak sou zak ekspilsyon fòse otorite ak zanmi pouvwa Tèt Kale a fè sou ti Peyizan epi aplike sanksyon kont Leta sa a.

Pòtoprens, 10 Jen 2020

1-<https://lenouvelliste.com/article/211555/41-millions-de-personnes-menacees-dinsecurite-alimentaire-en-haiti>

Dispersion d'un sit-in devant le Ministère de la Justice et de la Sécurité Publique : Le RNDDH condamne l'usage abusif de la force par les agents de la PNH



CP: Alter Press

Le Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH) a appris avec consternation qu'un sit-in organisé le 29 juin 2020, devant les locaux du Ministère de la Justice et de la Sécurité Publique, par Nou Pap Dòmi (NPD), a été dispersé avec violence par des agents de la Police Nationale d'Haïti (PNH).

Le RNDDH, qui est arrivé sur les lieux quelque temps après que des tubes de gaz lacrymogène eurent été lancés en direction des manifestants-tes, a pu constater la présence de pas moins de trois (3) unités spécialisées de la PNH, savoir l'Unité Départementale de Maintien d'Ordre (UDMO), le Corps d'Intervention pour le Maintien de l'Ordre (CIMO) et la Brigade d'Opération et d'Intervention Départementale (BOID).

Selon des informations recueillies sur place et relayées sur les ondes de plusieurs médias,

environ dix (10) tubes de gaz lacrymogène ont été lancés en direction des manifestants-tes.

Le RNDDH rappelle que ce sit-in avait été lancé par Nou Pap Dòmi (NPD) pour dénoncer la banalisation de la vie en Haïti, compte tenu de la situation sécuritaire précaire. En effet, les mois de mai et de juin 2020 ont été des plus éprouvants pour la population haïtienne, avec des assassinats enregistrés un peu partout dans le pays. Les cas suivants peuvent être cités en exemple :

- Maxo SAUVEUR, un cadre de la Direction Générale des Impôts (DGI) a été assassiné le 8 mai 2020, à la rue Rivière, à Port-au-Prince ;
- Uberman LUBIN alias Biggy, a été assassiné dans la soirée du 13 mai 2020 à la rue Capois, à Port au Prince. Il était un rappeur ;

- Jean Gana JOSEPH a été assassiné le 16 mai 2020 à Cité Soleil. Il était un militant politique ;
- Daniel JOSEPH a été assassiné le 20 mai 2020 non loin de l'ancienne piste de l'aviation. Il était inspecteur principal de police ;
- Trente-quatre (34) personnes ont été assassinées les 23, 24, 25, 26 et 27 mai 2020, à Cité Soleil, La Saline, Nan Tokyo et Chancerelles, avec la complicité des autorités au pouvoir ;
- Wismick ARISTIL a été assassiné le 31 mai 2020 à Cité Soleil. Il était un agent de la PNH ;
- Quatre (4) personnes ont été assassinées dans la soirée du 6 juin 2020 à Boden, Péguy-ville, dont trois (3) femmes ;
- Joseph LAROUSSE a été enlevé puis assassiné au Cap-Haïtien. Son cadavre a été découvert le 10 juin 2020 sur la chaussée. Joseph LAROUSSE était un agent de la PNH ;
- Farah Martine LHERISSON et Lavoisier LAMOTHE, deux (2) conjoints ont été assassinés le 15 juin 2020 à Péguy-ville dans leur résidence, par des individus armés ; Farah Martine LHERISSON était directrice du Collège Saint Léonard ;
- Manoune REGI, une mineure de quatorze (14) ans, qui vivait dans les rues au Cap-Haïtien, a été assassinée le 19 juin 2020. Elle a été assassinée par un agent de sécurité ;
- Fritzgérald CERISIER a été assassiné dans le quartier de Sans Fil le 19 juin 2020. Il était substitut commissaire du gouvernement près le Tribunal de première instance de Port-au-Prince ;
- Sébastien PETIT et Nancy DORLEANS, deux (2) danseurs sont portés disparus le 23 juin 2020. Leurs corps calcinés ont été découverts deux (2) jours plus tard, soit le 25 juin 2020, sur une pile d'immondices, non loin de La Fourchette Restaurant, sis au Boulevard 15 octobre, Tabarre ;
- Blackson EXIME, a été assassiné dans la nuit du 26 au 27 juin 2020, au centre ville des Gonaïves, alors qu'il participait à une ambiance Atè Plat. Il était un disc-jockey connu sous le nom de DJ Kabwa ;

- Norvella BELLAMY et Daphney FILS-AIME, deux (2) conjoints ont été assassinés dans leur résidence, dans la nuit du 27 au 28 juin 2020, à Delmas 75 ;
- Richma ainsi connu a été assassiné dans la soirée du 28 juin 2020 à Canapé-vert.

Ainsi, cinquante-quatre (54) personnes au moins ont été assassinées durant les seuls mois de mai et de juin 2020. Il s'agit là d'une situation préoccupante qui exige l'organisation de mouvements de protestation par la population haïtienne, victime chaque jour d'actes attentatoires à sa vie. Sit-in, marches, manifestations, rapports de dénonciation sont autant d'outils de protestation à la portée des cito-yens-nes pour exiger le respect de leurs droits fondamentaux.

Le RNDDH constate que de jour en jour, les vellétés totalitaires de ce gouvernement de facto se précisent : entraver la jouissance des libertés d'expression et de réunion, c'est prouver si besoin en était, que le pays a basculé irrémédiablement dans la dictature. Or, alors que le pouvoir en place empêche à la population de manifester pacifiquement, des bandits armés, bénéficiant de sa bénédiction, défilent partout dans le pays et attaquent des quartiers défavorisés, alourdissant encore plus les pertes en vies humaines.

Le RNDDH rappelle que les libertés d'expression et de réunion sont garanties par la Constitution Haïtienne en ses 28 et 31 qui stipulent respectivement « Tout haïtien a le droit d'exprimer librement ses opinions, en toute matière par la voie qu'il choisit » ; « La liberté d'association et de réunion sans armes à des fins politiques, économiques, sociales, culturelles ou à toutes autres fins pacifiques, est garantie ». Ces libertés constituent des acquis et ne peuvent être foulées au pied par des apprentis dictateurs qui tiennent à tout prix à

instrumentaliser l'institution policière.

Le RNDDH condamne l'usage abusif de la force par les agents de la PNH et encourage le Conseil Supérieur de la Police Nationale (CSPN) à passer les instructions formelles pour le rétablissement d'un climat sécuritaire dans le pays. De plus, le RNDDH recommande aux autorités étatiques de tout mettre en œuvre pour le respect des droits et libertés fondamentaux du peuple haïtien, consacrés par la Constitution du pays.

Port-au-Prince, le 29 juin 2020

Note de solidarité avec le Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)

La Plate-forme haïtienne des Organisations Haïtiennes des Droits Humains (POHDH) constate avec stupéfaction, la circulation sur les réseaux sociaux numériques d'un avis de recherche émané de l'ULCC, qui a été lancé à l'endroit d'un membre du Réseau National de Défense des Droits Humains, autour du dossier de subvention qui lui a été octroyée par le Bureau de Monétisation des Programmes d'Aide au Développement (BMPAD) en 2016 conformément aux règlements internes de l'organisation.

La POHDH, à un moment où la situation générale des droits humains se dégrade chaque jour, apporte sa pleine solidarité avec le RNDDH qui effectue depuis plus d'une trentaine d'années un travail de titan dans la société haïtienne sur les questions des droits humains en dénonçant les dérives, les violations de droits humains, les cas de corruption orchestrés par les autorités des pouvoirs publics dont celles du régime TET KALE.

En effet, La POHDH condamne pleinement la corruption d'où quelle vienne, quel que soit la forme qu'elle revêt. Car, elle représente un cancer, un obstacle majeur au progrès et au développement social. En ce sens, la Plate-forme salue le dynamisme du RNDDH d'avoir, en signe de collaboration avec les autorités judiciaires, acheminé à la Cour Supérieure des Comptes et du Contentieux Administratif (CSCA) les rapports relatifs à cette subvention en date du 7 août 2018 après audit institutionnel et à la direction de l'ULCC, en date du 27 avril 2020, une copie du rapport détaillé sur l'utilisation de cette subvention.

Par ailleurs, tout en dénonçant l'attaque armée contre le RNDDH dans la nuit du 10 mai 2020, met en garde les autorités gouvernementales contre toute utilisation de ce dossier à des fins de persécutions politiques. Cela dit, l'ULCC ne

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ

peut pas s'en servir pour faire taire les dirigeants du RNDDH qui ne cessent de dénoncer l'inertie de l'appareil judiciaire, l'impunité dont bénéficie le régime en place et la corruption qui constitue la source de richesse pour les partisans de ce régime

Enfin, la POHDH exhorte le Directeur de l'ULCC, Me. Rockefeller VINCENT, à agir avec impartialité pour ne pas détourner l'institution de sa vraie mission ni pas la transformer en un espace de persécution. Il existe de grands dossiers de corruption pour lesquels la nation haïtienne toute entière exige des comptes mais qui, jusque-là, ne sont pas inscrits dans son agenda de travail.

Port-au-Prince, le 11 mai 2020

Pledwaye pou devlopman yon jistis altènatif pou sosyete ayisyen an

Depi nan lane 1986 popilasyon an pa sispann mennen gwo batay pou yo gen yon jistis . Nan moman gen yon ijans pou lajistis akonpaye chak grenn moun epi pèmèt patisipasyon tout kolektive lokal yo fas ak ijans sa nan sistèm jistis la an Ayiti, Fondasyon Gwoup Altènatif ak Jistis (FGAJ) deside tannmen pwomosyon yon lòt fòm jistis ki fèt pou tout moun ak patisipasyon tout moun annan sosyete ayisyen an .

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Kisa ki yon Jistis Altènatif ?

Roland Wasembeck: Tèm Altènatif la deziye anpil fwa yon chwa ant de ou plizyè opsyon oubyen rekou ak yon bagay ki ta kapab diferan ak yon pratik oubyen yon prensip aksyon k ap domine ou nòm. Li sòti nan mouvaman altènatif la Diskisyon Rezolisyon , nan lang fransè li se yon Mòd Altènatif pou Rezolisyon konfli (MARK). Jistis Altènatif defann avèk rigè prensip pou yon jistis orizontal

e menm ekstra-jidisyè fas ak yon jistis vètikal ki lou, ki lan epi ki chè kote se tribinal ki bay li.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Ki objektif jistis altènatif la ?

Roland Wasembeck: Nan fondman jistis Altènatif la ,li konstui pou l ka opoze ak jistis ki la pou pini an, jistis altènatif la chita sou yon filozofi jistis sosyal ak reparatris, ki enskri nan yon konpleman transfòmasyon fas ak sistèm penal ki gen kounye a .

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Poukisa pwomosyon pou yon jistis altènatif an Ayiti ?

Roland Wasembeck: Sosyete ayisyen an jounen jodi a divize anpil epi kouch sosyal la dechire. Sitiyasyon sa pa ka bay lòt bagay ki se vyolans jeneral, krim epi konfli vire tounen. Jistis altènatif la se yon pledwaye pou inite ak

BULLETIN BIMENSUEL DE LA POHDH

inyon sosyal. Nesesite pou gen yon jistis altènatif jodia an Ayiti akòz karakteristik sistèm jidisyè ki la kounye a makonnen ak koripsyon, yon jistis k ap vann tankou machadiz, yon jistis pouwa ap kontwole epi se yon jistis ki gen enpinite kòm mak fabrik. Nou dwe mansyone Jistis kounye a li fasilite moun ale nan prizon san yo pa janm jije, li patisipe nan kreye plis vyolans ak plis konfli. Li pouse sosyete a bay tèt li jistis, paske popilasyon an pa fè sistèm jidisyè ki la a konfyans.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Ki rapò ant jistis altènatif la ak eleman kiltirèl yo ?

Roland Wasembeck: Nou kapab di gen eleman kiltirèl yo oubyen kèk pwovèb nan lang kreyòl la ki tradui bezwen oubyen nesesite pou yon jistis altènatif. Ekzanp gen yon pawòl popilè ki di « yon bon antant pi bon pase yon gwo pwosè ». Oubyen souvan anpil moun di « depi yon moun rele m nan tribinal se lenmi m li ye ». Sa se refleksyon ki tradui pèsèpsyon oubyen bon konprann ak pozisyon popilasyon an fas ak fonksyonman sistèm jidisyè nou an .

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Eske jistis altènatif la se yon repons fas ak sistèm jidisyè penal la ?

Roland Wasembeck: Sistèm jidisyè penal la mete an aplikasyon jistis penal tradisyonèl la, yo rele l tou jistis kap kondane. Lalwa chita sou kondanasyon zak yon kriminel fè epi wè krim nan tankou yon ofans kont repons ak yon krim se swa entimidasyon (Kote yo tandè moun nan) ou netralizasyon (Kote yo pa bay aksè ak libète) kriminel la. Se yon jistis ki patisipe nan kreye plis konfli kote li pouse sosyete a pou l bay tèt li jistis. Nou kapab di nou rive nan yon moman kote popilasyon an pa gen konfyans nan sistèm jidisyè nou an ankò.

Men jistis reparatris la enskri nan yon chanjman pèspektiv, kote li gade rezolisyon konfli a sou domaj ki koze aprè krim nan. N ap swiv prensip

sa kote krim nan se yon ofans ak yon moun (viktim) epi ak kouch sosyal kominote a men sa pa gen pou wè ak lwa penal yo.

Jistis altènatif la ki se yon jistis reparatris pwo-poze pou otè krim nan patisipe nan reparasyon domaj li responsab yo. « Domaj sa yo atenn kat dimansyon e ki dwe repara: Viktim nan , delenkan, relasyon ant viktim nan ak delenkan epi kominote a ». Chak dimansyon sa yo dwe repara. Jistis altènatif la ankouraje pou entegre yo nan pwosesis rezolisyon konfli.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Ki mekanis ki fè baz jistis altènatif la ?

Roland Wasembeck: Gen 4 eleman ki sèvi gwo pilye anndan jistis altènatif la: Negosyasyon, se mòd rezolisyon ki pi ba. Prezans yon moun pa nesesè, se chak pati yo oubyen reprezantan yo ki mèt demach la.

Konsilyasyon, se yon mòd règleman kote pati ki prezan yo ap tandè lòt pou mete fen ak litij yo, oubyen ak bezwen yon lòt moun ki se konsilyatè. Yo pral fòse pou rapwoche opinion yo, pafwa menm abandone yon pati nan lide yo te gen deja. Lè yo jwenn yon antant, tèm lan ap antre nan yon dokiman ki se « pwosè vèbal konsilyasyon » ou « non-konsilyasyon » si ta gen echèk.

Medyasyon, se yon pwosesis ki pèmèt otè ak viktim yon krim jwenn ansanm nan yon espas pawòl lib epi konfyans, nan objektif pou jwenn solisyon ki ka pote satisfaksyon ak konsekans krim nan. Si yo dakò ak medyasyon an, yon medyatè ap gide yo nan dyalòg sila a, san li pa pwopoze yo pyès solisyon avan. Sa sipoze otè krim nan rekonèt sa ki te pase a. Objektif la se pou bay yon kad ak diskisyon epi pèmèt aktè yo jwenn yon solisyon ki sòti nan mitan yo. Swa: Gen yon medyatè ki sou tab la epi k ap ede chak pati yo pou tandè youn lòt .

Abitraj, se yon fòm règleman ki gen plizyè modalite ki antre an aplikasyon. Pati yo gen posibilite pou chwazi pwòp « jij yo » (abit) ki gen responsabilite pou l tranche nan konfli a. Nou ka konprann sa ki gen pou wè ak koze Leta, administrasyon ak Etablisman piblik timoun yo ak granmoun yo.

Gen yon konvansyon nan mitan pati k ap chwazi yon fòm pou etabli youn ou twa abit. Yo antann yo sou tout fòm ak etap pwosesis la ki pa ka depase 6 mwa. Lè santans lan bay ,tout oubyen 2 abit yo siyen. Aprè yo remèt desizyon jidisyè a bay jij ki nan TPI ki konpetan pou l aplike menm moman an. N ap ajoute pou n di kèlkeswa metòd ki itilize pou jistis altènativ la, se pa yon jij ki pral di men kisa ki pou fèt, men se ansanm chak pati yo pral chita pou diskite antre yo.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Ki modèl gouvènans ki mache ak yon jistis altènatif ?

Roland Wasembeck: Jistis altènatif se yon repons parapò ak popilasyon ki pa gen aksè ak jistis. Se t ap meyè pou se Leta menm ki ta dwe mete yon sistèm jistis ki reyèlman la pou sèvi popilasyon an. Nou dakò sistèm jistis ki la pa reponn ak bezwen popilasyon an se yon sistèm jistis ki anfas popilasyon an. Nou bezwen yon modèl gouvènans ki kapab mete mekanis yo chita pou popilasyon an gen aksè ak yon jistis ki la pou li tout bon vre an menm tan li enpòtan pou popilasyon an batay pou gen yon Leta k ap ba li jistis olye li metel nan yon chemen pou l al fè tèt li jistis.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Kòman jistis altènatif la kapab ranfòse sistèm jidisyè nou an ?

Roland Wasembeck: Konsèp jistis altènatif la se yon repons ak sistèm jidisyè aktyèl la. Youn nan fason pou jistis altènatif la ranfòse sistèm jidisyè ki la nou kapab kòmanse ak tribinal jistis lapè yo kote gen fòmasyon ki fèt pou jij yo nan objektif pou yo konprann lè gen kèk ka ki parèt devan yo

se pa aplike otomatikman sanksyon, men anvizaje posibilite pou mete moun yo chita pou gade kòman jij la kapab jwe yon wòl negosyatè ak konsilyatè. Nan sans sa olye tou 2 pati yo ale fache youn ak lòt, yon kote sa ap pèmèt ou jwenn yon espas pou moun ki koupab la rekonèt li koze tò ak yon lòt nan objektif pou li pran konsyans. Yon lòt kote aprè viktim nan fin tandè gen desizyon k ap pran pou yo repara tò li sibi a, lè sa vin gen yon espas ki kreye pou se pa de lenmi ki sòti nan tribinal la.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Kisa GAJ rele sant medyasyon an ?

Roland Wasembeck: Sant medyasyon an , se yon sant oubyen plizyè sant ki la kapab pèmèt lè gen yon pwoblèm ki poze, an fonksyon nati pwoblèm nan diferan pati yo kapab vini nan sant medyasyon an kote y ap jwenn moun ki fòme kap disponib pou tandè pwoblèm nan epi ede yo jwenn yon solisyon parapò ak konfli y ap fè fas la. Nou dwe di, nan GAJ nou konte mete kanpe « école moyenne juridique » sa ki vle di lekòl ki la pou fòme grefye, asistan legal ak lòt moun nan sistèm jidisyè a. Avèk fòmasyon sa, aktè sa yo ap rive ede nan mete kanpe demach pou jistis altènatif la.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Eske jistis altènatif la mande yon lòt kalite Leta ?

Roland Wasembeck: Gen anpil baryè ak gwo defi ki anpeche jistis altènatif la pran pye anndan sosyete a paske Letapagen volonte mete jistis sa an kesyon anplis li se yon obstak pou anpeche jistis altènatif la fonksyone. Leta kontantel pou l bay bourad ak enpinite, koripsyon ki se baryè kont jistis altènatif la. Nou kapab di jistis altènatif se yon batay non sèlman anndan sistèm ki la men tou se yon batay pou chanje sistèm ki anplas la ki se yon defi pou jistis altènatif la.

SE MÈT KÒ KI VEYE KÒ: Kòman mete jistis altènatif chita anndan peyi a ?

Roland Wasembeck: Jistis altènatif se yon demach ki enplike yon ansanm aksyon ki pral enplike yon ansanm desizyon anndan yon batay. Mete jistis altènatif la kanpe nan sosyete a se yon demach ki dwe fèt gradyèl pou n atenn objektif la. Se yon objektif k ap atenn premyeman nan yon travay konsyantizasyon, dezyèmman kreye mekanis ki kapab bay popilasyon an yon altènatif pou rezoud yon ansanm konfli, twazyèmman, se pèmet popilasyon an konprann ansanm baryè ak defi ki anpeche jistis altènatif la.

Frandy JASMIN
AP. communication et plaidoyer

Position de l'Organisation de Défense des Droits Humains Sant Karl Lévêque (SKL) sur les violations des droits des prisonniers dans les centres carcéraux



où les détenus en manque de rations alimentaires équilibrées et des soins de santé appropriés sont devenus tellement maigrichons qu'il nous arrive à pouvoir compter les os qui leurs percent la peau.

Certaines photos, qui tournaient en boucle sur les réseaux sociaux et dont la SKL parvient à en confirmer l'authenticité montre une fois de plus comment les autorités de la République d'Haïti ne cessent de violer systématiquement les droits inaliénables des prisonniers à longueur de journée.

Cette réalité témoigne de l'indifférence des autorités vis-à-vis des détenus considérés comme des déshérités du sort, d'autant plus que la majorité de ces prisonniers issus des classes défavorisées de la société sont en situation de détention préventive prolongée et souvent arbitraire. En temps normal, les conditions de détention en Haïti ne respectent pas les prescrits de l'article 12 du « Pacte international relatif aux droits économiques, sociaux et culturels », encore moins en cette période de crise sanitaire mondiale due au Coronavirus, pour ainsi dire, l'Etat haïtien ne crée pas les conditions pour que les prisonniers puissent jouir du meilleur état de santé physique et mentale qu'ils sont capables d'atteindre. L'Etat viole une fois de trop les droits fondamentaux de ces concitoyens.

L'écrivain anglo-irlandais Jonathan Swift eut à dire : « les lois sont semblables aux toiles d'araignées, qui attrapent les petites mouches, mais laissent passer guêpes et frelons », et oui, sur la terre de Jean-Jacques Dessalines et de Toussaint Louverture cette citation vieille de près de trois siècles reste vivante et trouve son application la plus tangible dans le traitement des individus en fonction de leur classe sociale.

Dans ce pays, lorsqu'il s'agit d'un citoyen puis-

sant du secteur privé impliqué dans des trafics de stupéfiants, la justice fonctionne avec une lenteur qui s'inscrit dans l'éternité administrative. Il en est de même pour tout homme politique corrompu, dilapidateur qui s'arroge le droit d'utiliser les deniers publics à des fins personnelles, l'affaire Petro Caribe en est la preuve tangible. Malgré les demandes incessantes de la population qui exige que lumière soit faite sur cette vague de corruption, jusqu'à date la justice n'a pas pipé mot. Tout porte à croire que des manœuvres sont en train d'être effectuées pour que le dossier Petro Caribe soit classé sans suite.

La société haïtienne se porte témoin de l'inertie avec laquelle la justice du pays traite le dossier du massacre de La Saline survenu dans les nuits du 13 et 14 novembre 2018. Sous la pression de l'ONU et du Haut-Commissariat aux droits de l'homme, la Direction Centrale de la Police Judiciaire (DCPJ) a été obligée de publier un rapport dans lequel elle a demandé de procéder à l'arrestation des personnes impliquées, et, puisqu'il s'agit d'un massacre perpétré par des gangs opérant à la solde du pouvoir en place, jusqu'à cette présente minute aucune arrestation n'a été effectuée.

Alors que l'Etat esquivé des personnes impliquées dans des dossiers de trafic de drogues, de crimes, de corruption et de dilapidation de deniers publics, nombreux sont les gens démunis qui croupissent dans les différentes prisons civiles du pays pour le simple fait de manifester leurs mécontentements dans les rues lors des mobilisations populaires qu'a connues ce pays.

Au regard de tout cela, l'Organisation de Défense des Droits Humains Sant Karl Lévêque (SKL) profite de la présente note pour condamner avec sa plus grande fermeté les violations inégalées des droits des prisonniers et demande aux autorités judiciaires de mettre sur pied un tribunal spécial dans le but de se prononcer sur le cas des prisonniers se trouvant en situation de déten-

tion préventive prolongée. Nous demandons aussi à la communauté internationale de se prononcer sur les conditions inhumaines dans lesquelles vivent les prisonniers dans les centres carcéraux, leurs droits sont en train d'être violés par l'Etat haïtien. Il est de notre Responsabilité d'agir vite pour éviter que les prisons en Haïti deviennent des foyers où circulent la CoViD-19 et qui mettra en péril la vie de milliers d'innocents qui pourraient être épargnés, l'indifférence en est de trop !

Rév : Père Gardy MAISONNEUVE
Directeur Exécutif
15 juin 2020

Lansman Inisyativ Vijilans ak Solidarite Sitwayen

Nou salye laprès ak tout sitwayen ayisyen, fanm kou gason, nan kat kwen peyi a ak nan dyaspora a. Nou sezi okazyon sa pou voye senpati nou bay tout fanmi, tout moun ak tout enstitisyon ki viktim anba maladi Kowonaviris la ki pote ale nan peyi san chapo 20 konpatriyòt dapre chif ofisyèl yo.

